

Bethesda Health, Inc.

Rezime sou Pwogram ki Jere Asistans Finansyè Nan Yon Langaj Ki Fasil Pou Konprann

Bethesda Health, Inc. (BHI) pran angajman pou li bay bon kalite sèvis swen sante defason trè atansyonne. Yon aspè nan angajman BHI pran pou l desèvi kominote a sèke li chwazi pou li bay moun ki pa gen asirans medikal asistans finansyè pouvi ke moun sa yo satisfè sèten kondisyon konfòmeman ak Pwogram sou Asistans Finansyè BHI.

Elijibilite ak Asistans yo Ofri

Pwogram sou Asistans Finansyè a kouvri ijans medikal oswa lòt sèvis medikal ki nesesè ke Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West bay. Pou lòt etablisman Baptist Health South Florida yo, tanpri al gade pwogram sou asistans finansyè pou yo chak pou ka gen plis detay.

Pasyan ki pa gen asirans e ki gen revni ki pi ba ke Nivo Povrete Federal la a 200% (Federal Poverty Level, FPL) kapab resevwa sèvis swen medikal gratis nan Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West. Pou pasyan ki pa satisfè kritè revni yo, BHI ofri moun ki elijib kap peye pou tèt yo yon gwo rabè konfòmeman ak Pwogram li genyen sou Pri pou Sèvis Tarif Fiks ak Peman Moun Fè Pou Tèt Yo. Yo pap chaje moun ki elijib pou Asistans Finansyè plis kòb pase montan nòmal yo konn abitye faktire pou swen dijans oswa pou lòt swen medikal ki nesesè. BHI travay avèk pwogram federal, pwogram leta, pwogram konte ak pwogram kominotè pou li bay pasyan ki nan pwogram sa yo asistans finansyè pou sèvis medikal ke yo resevwa nan etablisman BHI yo.

Men Kijan pou Aplike

Si pou yo konsidere bay yon pasyan asistans finansyè, fòk li bay enfòmasyon ak dokimantasyon ki nesesè pou l ka aplike pou lòt resous finansyè ki ekziste e ki ka byen disponib pou peye pou swen medikal li resevwa yo, tankou Medicaid, Disability, oswa Healthcare District. BHI gen konseye finansyè ki disponib pou ede pasyan yo ranpli aplikasyon an.

Men Kijan pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou ka gen plis enfòmasyon sou pwogram asistans finansyè BHI a, pou ka jwenn yon kopi gratis ki gen Pwogram sou Asistans Finansyè, pou ka jwenn yon aplikasyon ak yon rezime pwogram nan oswa pou yo ka ede w ak pwosesis aplikasyon finansyè a, tanpri kontakte BHI nan fason suivan an:

- Ale rankontre yon Konseye Finansyè nan Bethesda Hospital East ki nan 2815 S. Seacrest Blvd., Boynton Beach, FL 33435, oswa nan Bethesda Hospital West nan 9655 West Boynton Beach, Blvd., Boynton Beach, FL 33472. De lendi a vandredi, de 7 a.m. a 5 p.m.
- Pou ka pale ak yon Konseye Finansyè, annik rele nan 561-737-7733, Ekst. 84671
- Al gade sitwèb nou an nan <https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance>
- Mande pou yo ba w enfòmasyon an alekri, oswa poste aplikasyon an bay Bethesda Hospital East, Attn: Patient Financial Assistance, 2815 South Seacrest Boulevard, Boynton Beach, FL 33435.

Ou ka jwenn Aplikasyon Asistans Finansyè a ak Pwogram Asistans Finansyè a tou nan lang Panyòl ak Kreyòl; epi depi w mande, yap voye yo gratis pou ou.